# II. SANAAT

**Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı**

*(2024- jıl yanvar-mart)*

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**80,8 mlrd. som** | **139,7 %**

Islep shıǵarılǵan sanaat

**4 091,9 mlrd. som** | **106,6 %**

Elektr, gaz, puw penen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

**963,6 mlrd. som** | **111,0 %**

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı utilizaciya qılıw

**23,1 mlrd. som** | **84,4 %**

2024- jıldıń yanvar-mart aylarında 5 159,4 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, sanaat islep shıǵarıwdıń fizikalıq kólem indeksi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 107,6 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵarıwshı sanaat úlesine tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 79,3 % ti quradı.

Statistikalıq esap-kitaplar boyınsha usı jıldıń yanvar-mart aylarında kishi kárxana hám mikrofirmalar tárepinen islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kólemi 905,3 mlrd. som muǵdarında (jámi sanaat ónimleri kóleminiń 17,5 % i) bahalandı hám sanaat islep shıǵarıw indeksi ótken jılǵa sáykes dáwirine salıstırǵanda 144,0 % ti quradı.

Sonday-aq, jeke isbilermenlik subyektleri hám úy xojalıqları tárepinen islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kólemi 396,2 mlrd. som muǵdarında (7,7 procentke) esap-kitap qılındı.

Ónimler islep shıǵarıwdıń eń úlken kólemi islep shıǵarıwshı (qayta isleytuǵın) kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan bolıp, islep shıǵarıw kólemi 4 091,9 mlrd. somdı, jámi sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı úlesi 79,3 procentti quradı.

Sonday-aq, esabat dáwirinde, jámi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw kóleminde elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw xızmet túri boyınsha 963,6 mlrd. som (jámi sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi 18,7 %), suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı utilizaciya qılıw xızmet túri boyınsha 23,1 mlrd. som (0,4 %) hámde taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew xızmet túri boyınsha 80,8 mlrd. som (1,6 %) ónimler islep shıǵarıldı.

Sanaat islep shıǵarıwdıń ósiwine elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw kárxanalarıda úles qostı, olardıń jámi sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı úlesi 18,7 % ti quradı.

**Yanvar-mart aylarında sanaat islep shıǵarıw kólemi hám ósim páti**




**2024- jıldıń yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw quramı**



**Yanvar-mart aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat ónimlerin islep shıǵarıw**

| | *mlrd. som* | | *Fizik kólem indeksi %* | *Jámine salıstırǵanda úlesi, procentte* | |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2023 j.* | *2024 j.* | | *2023 j.* | *2024 j.* |
| **Ekonomikalıq xızmettiń ayrıqsha túrleri boyınsha sanaat ónimleri islep shıǵarıw kólemi** | **3 804,0** | **5 159,4** | **107,6** | **100,0** | **100,0** |
| *ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha:* | | | | | |
| **Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew** | **33,0** | **80,8** | **139,7** | **0,9** | **1,6** |
| *olardan:* | | | | | |
| Taw-kán sanaatınıń basqa tarawları | 23,4 | 64,0 | 205,8 | 0,6 | 1,3 |
| Jabıq usılda qazıwǵa texnikalıq járdem kórsetiw | 9,6 | 16,8 | 116,2 | 0,3 | 0,3 |
| **Qayta islew sanaatı** | **3 239,9** | **4 091,9** | **106,6** | **85,2** | **79,3** |
| *sonnan:* | | | | | |
| Azıq-awqat ónimleri, ishimlikler hám temeki ónimleri islep shıǵarıw | 617,91 | 812,7 | 110,2 | 16,2 | 15,7 |
| Toqımashılıq ónimleri, kiyimler, teri hám oǵan tiyisli ónimler islep shıǵarıw | 720,0 | 937,3 | 109,0 | 18,9 | 18,2 |
| Aǵash hám qalqı buyımları, paqal hám toqıw ushın materiallardan jasalǵan buyımlar, qaǵaz hám qaǵaz ónimleri, mebeller islep shıǵarıw | 39,9 | 61,0 | 154,1 | 1,1 | 1,2 |
| Jazılǵan materiallardı basıp shıǵarıw hám sáwlelendiriw | 2,9 | 0,8 | 30,8 | 0,1 | 0,01 |

*dawamı*

| | mlrd. som | | Fizik kólem indeksi % | Jámine salıstırǵanda úlesi, procentte | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2023 j. | 2024 j. | | 2023 j. | 2024 j. |
| Ximiyalıq ónimler, rezina hám plastmassa ónimler islep shıǵarıw | 1 741,5 | 2 086,4 | 102,1 | 45,8 | 40,4 |
| Koks hám neftti qayta islewshi ónimlerdi islep shıǵarıw | 1,1 | 1,8 | 119,9 | 0,03 | 0,03 |
| Tiykarǵı farmacevtika ónimleri hám prepuwatları islep shıǵarıw | 2,0 | 1,1 | 38,0 | 0,05 | 0,02 |
| Basqa metall emes mineral ónimler islep shıǵarıw | 67,1 | 152,8 | 121,6 | 1,8 | 3,0 |
| Metallurgiya sanaatı | 0,3 | 0,3 | 98,2 | 0,01 | 0,01 |
| Mashina hám úskenelerden basqa, tayar metall buyımlar islep shıǵarıw | 12,9 | 19,3 | 119,6 | 0,3 | 0,4 |
| Kompyuterler, elektron hám optikalıq ónimler islep shıǵarıw | - | - | - | - | - |
| Elektr úskeneler islep shıǵarıw | 6,9 | 1,0 | 13,7 | 0,2 | 0,02 |
| Basqa túrlerge kiritilmegen mashina hám úskeneler islep shıǵarıw | 2,4 | 0,5 | 17,7 | 0,1 | 0,01 |
| Mashina hám úskenelerdi ońlaw hám ornatıw | 1,1 | 0,5 | 66,3 | 0,03 | 0,01 |
| Basqa tayar buyımlardı islep shıǵarıw | 23,8 | 16,4 | 62,7 | 0,6 | 0,3 |
| **Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw** | **510,9** | **963,6** | **111,0** | **13,4** | **18,7** |
| **Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw** | **20,2** | **23,1** | **84,4** | **0,5** | **0,4** |

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 80,8 mlrd. somdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 1,6 procentin quradı.

Taw-kán sanaatında islep shıǵarılǵan ónimler túri boyınsha tábiyiy gaz ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 12,6 procentke, hám gaz kondensatı 12,0 procentke hám kemeygenligin kóriwimiz múmkin.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat ónimlerin islep shıǵarıw**
*(jámine salıstırǵanda úlesi procentte)*




**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat ónimleri túrlerin islep shıǵarıw**
*(iri kárxanalar boyınsha)*

| | *Ólshem birligi* | *yanvar-mart aylarında* | | *2023-jılǵa salıstırǵanda, procentte* |
|---|---|---|---|---|
| | | *2023 j.* | *2024 j.* | |
| **Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew** | | | | |
| Tábiyiy gaz islep shıǵarıw | *mln.m.kb* | 265,7 | 232,3 | 87,4 |
| Hák | *mıń tn.* | 49,4 | 43,6 | 88,3 |

*dawamı*

| | Ólshem birligi | yanvar-mart aylarında | | 2023- jılǵa salıstırǵanda, procentte |
|---|---|---|---|---|
| | | 2023 j. | 2024 j. | |
| **Qayta islew sanaatı** | | | | |
| Alkogol ónimleri | mıń l. 100% spirt | 879,1 | 902,9 | 102,7 |
| Jumsaq biyday hám spelta unı | mıń tn. | 18,4 | 10,4 | 56,5 |
| Makaron ónimleri hám soǵan uqsas qamırdan tayarlanǵan ónimler | tn. | 177,5 | 483,6 | 36,5 |
| Birinshi sortlı unnan tayarlanǵan biyday nanı, awırlıǵı 600 g. (buxanka) | tn. | 41,6 | 12,0 | 28,8 |
| Gúrish ónimleri | tn. | 1 382,3 | - | - |
| Tazalanǵan paxta may hám onıń fraksiyaları (ximiyalıq modifikaciya qılınǵanlarınan basqa) | tn | 2 820,9 | 2 090,8 | 74,1 |
| Iri shaqlı qara mal ushın tayar jem ónimleri | mıń tn. | 2,8 | 0,2 | 5,7 |
| Paxta talası | mıń tn. | 9,3 | 11,6 | 124,9 |
| Paxta shigiti | mıń tn. | 14,3 | 16,5 | 114,9 |
| Paxta tiviti (lint) | tn. | 840,7 | 1 022,0 | 121,6 |
| Tiykarǵı organikalıq emes ximiyalıq ónimler (dinatriy karbonatı) | tn. | 54,2 | 58,4 | 107,7 |
| Polietilen | mıń tn. | 64,3 | 70,4 | 109,5 |
| Polipropilen | mıń tn. | 19,2 | 21,9 | 114,2 |
| **Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw** | | | | |
| Islep shıǵarılǵan elektr energiyası | mln. kVt/s | 1 387,1 | 1 572,2 | 113,3 |
| Puw hám ıssı suw (ıssılıq energiyası) | mıń Gkal. | 22,1 | 21,6 | 97,6 |

*dawamı*

| | Ólshem birligi | yanvar-mart aylarında | | 2023-jılǵa salıstırǵanda, procentte |
|---|---|---|---|---|
| | | 2023 j. | 2024 j. | |
| **Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw** | | | | |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw xızmetleri | *mln. som* | 14 972,9 | 16 872,9 | 112,7 |
| Aqaba suwlardı joǵaltıw, transportirovka qılıw hám qayta islew xızmeti | *mln. som* | 1 643,3 | 2 039,4 | 124,1 |

2024 jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 4 091,9 mlrd. somdı yaki jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 79,3 % tin quradı.

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,03 %, orta-joqarı texnologiyalı 50,3 %, orta-pás texnologiyalı 5,0 % hám pás texnologiyalı 44,7 % ti quradı.

**2024-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarıwdıń texnologiyalıq quramı boyınsha islep shıǵaratuǵın sanaat quramı**



Óz náwbetinde, islep shıǵaratuǵın sanaatta ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda portlandsement 5,1 esege, makaron ónimleri 5,1 esege, polipropilen 14,2 % ke, polietilen 9,5 % ke, araq 2,7 % ke asqan bolsa, biyday nanı islep shıǵarıw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 71,2 % ke, biyday hám spelta unı 43,5 % ke, iydirilgen jip 28,6 % ke tazalanǵan paxta mayı 25,9 % ke kemeygenligin kóriwimiz múmkin.

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 963,6 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 18,7 %) tin quradı.

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı utilizaciya etetuǵın kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimleri kólemi 23,1 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 0,4 %) quraydı.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda suwdı qayta islew hám suw tarmaqları boyınsha bólistiriw xızmetleriniń 12,7 % ke, aqaba suwlardı joq qılıw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetlerdiń 24,1 % ke asqanlıǵı gúzetildi.

---

**Sanaat ónimleri islep shıǵarıwıda kishi biznestiń úlesi**

(2024-jıl yanvar-mart ayları)

Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 1301,5 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 25,2 % ti quradı. 2023-jıldıń yanvar-mart aylarında kishi biznes subyektleriniń ulıwma islep shıǵarıwdaǵı úlesi 19,9 % ti quraǵan.

### Qala hám rayonlar boyınsha sanaat islep shıǵarıw úlesleri

Respublika sanaat islep shıǵarıw kólemi quramında eń kóp úlesi Nókis qalası (jámi islep shıǵarıw kóleminiń 41,1 %), Taqıyatas (18,6 %), Qońırat (5,7 %), Ámiwdárya (4,8 %), Tórtkúl (4,3 %), Beruniy (3,6 %) hám Xojeli (3,3 %) rayonlarına tuwrı keledi.

**Qala hám rayonlar sanaat islep shıǵarıw úlesleri**
*(respublika boyınsha jámine salıstırǵanda, procent esabında)*



**2024 jıldıń yanvar-mart aylarında qala hám rayonlar boyınsha sanaat ónimlerin islep shıǵarıw kórsetkishleri**

| | *sanaat ónimleri, mlrd. som* | *jámine salıstırǵanda úlesi, % de* |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **5 159,4** | **100,0** |
| Nókis q. | 2 119,1 | 41,1 |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 245,3 | 4,8 |
| Beruniy | 183,2 | 3,6 |
| Bozataw | 10,3 | 0,2 |
| Qanlıkól | 153,8 | 3,0 |
| Qaraózek | 139,0 | 2,7 |
| Kegeyli | 126,9 | 2,5 |
| Qońırat | 296,4 | 5,7 |
| Moynaq | 90,3 | 1,7 |
| Nókis | 30,0 | 0,6 |
| Taqıyatas | 960,9 | 18,6 |
| Taxtakópir | 64,1 | 1,2 |
| Tórtkúl | 224,4 | 4,3 |
| Xojeli | 170,8 | 3,3 |
| Shımbay | 123,4 | 2,4 |
| Shomanay | 61,1 | 1,2 |
| Ellikqala | 160,4 | 3,1 |

**Xalıqtıń jan basına sanaat ónimlerin islep shıǵarıw**

| | *Islep shıǵarıw kólemi, xalıqtıń jan basına, mıń som* | |
|---|---|---|
| | *sanaat ónimleri* | *%* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2 572,3** | **106,2** |
| Nókis q. | 6 234,9 | 100,8 |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 1 154,7 | 108,4 |
| Beruniy | 891,6 | 100,9 |
| Bozataw | 469,5 | 114,1 |
| Qanlıkól | 2 854,6 | 110,8 |
| Qaraózek | 2 554,4 | 120,7 |
| Kegeyli | 1 693,5 | 106,4 |
| Qońırat | 2 177,3 | 103,1 |
| Moynaq | 2 683,6 | 126,7 |
| Nókis | 554,4 | 107,6 |
| Taqıyatas | 12 502,9 | 112,0 |
| Taxtakópir | 1 649,6 | 103,1 |
| Tórtkúl | 979,2 | 100,9 |
| Xojeli | 1 325,1 | 109,2 |
| Shımbay | 1 066,0 | 115,8 |
| Shomanay | 1 052,5 | 118,9 |
| Ellikqala | 936,3 | 102,7 |

**2024-jıldıń yanvar-mart aylarında xalıqtıń jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw, qala hám rayonlar kesiminde,**
*mıń som*



## 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında tayar ónimler, awsıq bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı lokalizaciyalaw

Tarmaqlar aralıq sanaat kooperaciyasın rawajlandırıw, tayar ónimler, awısıq bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúrin ámelge asırıw sheńberinde isbilermenlik subyektleri tárepinen 2024- jıldıń yanvar-mart aylarında 109,7 mlrd. somlıq jergiliklestirilgen ónimler islep shıǵarıldı.

Tayar ónimler, awısıq bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw kólemlerin ósiriw boyınsha is-ilájlardıń ámelge asırılıwı, kárxanalardıń islep shıǵarıw ushın zárúr bolǵan sanaat ónimleri islep shıǵarıwınıń ósiwi hám import tovarlardı qısqartıw faktorlarınıń biri bolıp esaplanadı.

**Jergiliklestirilgen dástúriniń tiykarǵı kórsetkishleri**

| | *2023-jıl yanvar-mart* | *2024-jıl yanvar-mart* |
|---|---|---|
| Proektler sanı, *birlik* | 10 | 8 |
| Kárxanalar sanı, *birlik* | 9 | 8 |
| Islep shıǵarıw kólemi, *mlrd. som* | 68,4 | 109,7 |
| Eksport qılınǵan jergiliklestirilgen ónim kólemi, *mln. AQSh doll.* | 5,9 | 3,5 |
| Jaratılǵan jańa jumıs orınları, *birlik* | 5 | 21 |

## Sırt el investiciyaları qatnasındaǵı kárxanalar ónimleriniń islep shıǵarılıwı

Esabat dáwirinde sırt el investiciyaları qatnasındaǵı kárxanalar tárepinen 2 591,5 mlrd. somlıq ónim islep shıǵarıldı. Qospa kárxanalardıń sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 50,2 % ti quradı.